# Naija - Soul God Wod - Soul Scriptures

**Matu 11:28-30 "Una wey don taya and kari heavi load, mak una kom mit mi and I go giv una res. 29 "Mak una folo mi and learn from mi, bikos I gentol, I nor dey kari bodi up and I go giv una peace for una maind. 30 "My way eazi to folo and my load nor heavi to kari."**

**Psalm 23:3 God restore soul - Luk 1:79 so lite go shine for di pipol wey sidan for daknes and wer deat dey and God go giv us peace."**

**Matu 10:28 "Mak una nor fear hu go fit kil di bodi and nor fit kil di soul. Insted, mak una fear God wey fit distroi pesin soul and bodi for hell fire.**

**Matu 16:26 "Wetin pesin go gain, if di hol wold bi en own, bot e luz en soul? Or wetin pesin go fit giv tak pay for en soul?**

**Matu 22:37 Jisos kon ansa, "Mak pesin luv God wit all en heart, wit all en soul and wit all en maind.**

**Matu 26:38 Den e tel dem, "My heart heavi and e bi laik sey I won die. Mak una stay here and wosh wit mi."**

**Mark 8:36,37 "Wetin pesin go gain if e get di hol wold and e luz en soul? 37 "Wetin pesin fit yuz tak eshange en life?**

**Mark 12:30 'Mak una luv God una Oga wit all una heart, soul and all una pawa.'**

**Mark 12:33 "To luv God wit all awa heart, maind and pawa and to luv awa nebor as awasef big pas all di sakrifais and ofrins wey pesin fit giv God." (Deuteronomi 4:29)**

**Mark 14:34 E kon tel dem, "My heart dey heavi wel-wel laik sey I won die. So, mak una stay here dey wosh."**

**Luk 12:20 "Bot God kon tel di man, 'Yu bi fool! Dis nite, yu go die, den hu go kon get all dis tins wey yu don gada for yorsef?'**

**Luk 21:19 "So, if una stand rish di end, God go save una."**

**Jon 12:27 "My heart heavi wel-wel. Wetin I go tok? 'Papa, mak yu save mi from dis tin wey won hapun'? No! Na dis tin mak mi kom dis wold.**

**Apostols 14:22 Dem enkorage di disaipols sey mak dem get heart and mak dem kontinu to dey biliv sey, "Wi go must sofa wel-wel for pipol hand, bifor wi go fit enta God Kindom."**

**Apostols 15:24 "Wi hear sey som pipol kom mit una sey dem kom from us, ivun doh wi nor send dem. Dem dey konfuz and tel una wetin go disturb una maind.**

**1 Fest Korintians 15:45 Di first man na Adam and God wod sey, "Dis Adam na pesin wey God kreate laik us." Bot Jisos, wey bi di last Adam, na pesin wey dey giv life to pipol."**

**1 Fest Tesalonika 5:23 Mak God wey dey giv peace, help una to dey holi go rish di end, so dat for di day wen Kraist go kom, una spirit, soul and maind**

go dey witout fault.

Hibru 6:19 Dis hope strong for awa heart laik ship wey dem tie mak e nor for move, bikos di hope wey wi get dey kam-kpe and strong gidigba. Di promis go tak us pas di kurtain for hevun, ontil wi rish wer God dey;

Hibru 10:39 Wi nor dey among pipol wey go turn bak kon perish, bot wi get fate wey go save us foreva.

James 1:21 So mak una rimov una hand from evri dirti and wiked tins kon put una bodi dan to asept God wod wey dem don plant insaid una, bikos e get pawa to save una soul.

James 5:20 mak yu no sey, di pesin wey bring yu wey bi sina kom bak from di bad way, don save yor soul from deat and e don mak Kraist forgiv yu all yor sins.

1 Fest Pita 1:9 Una stil get wetin mak una fate strong and na dis bi di salvashon wey una soul get.

1 Fest Pita 1:22 Una don klin una soul wit di trut wey una dey obey and as brodas and sistas, mak una luv ish oda wel-wel.

1 Fest Pita 2:11 My frends, I dey beg una, since una bi strenjas for dis wold, mak una nor folo di tins wey pipol laik to du, bikos dem dey distroi pesin soul.

1 Fest Pita 4:19 So if yu dey sofa as God wont am, mak yu trust God wey kreate yu and E nor go eva fail yu.

2 Sekon Pita 2:7,8 bot E save Lot wey nor laik wiked pipol life, 8 (bikos di taim wey Lot dey dat tawn, e ves for di bad tins wey di pipol dey du). (Joj 16:16)

3 Ted Jon 1:2 My frend, I dey pray sey mak evritin dey gud for yu and mak yor bodi wel, jos as yor soul wel tu.

Begin 2:7 God breath of life mak man living soul.

Begin 34:2,3,8 soul ti from sex. Numba 21:4 soul discouraged.

1 Fest Samuel 18:1 frend soul ti.

1 Fest Kings 1:29; Psalm 34:22; 69:18 God redeem soul.

2 Sekon Kings 4:27; Job 19:2; Psalm 6:3,4 vex soul.

Job 7:11 bita soul. Job 14:22; 27:2 soul sad.

Psalm 41:4 God heal soul. Psalm 42:5,6,11; 43:5 sad soul hope in God.

Psalm 97:10 God protet soul. Psalm 107:9 longin and hungri soul.

Psalm 119:28 heavi soul melt, God giv pawa.

Psalm 120:2 God fri from bad wod. Psalm 121:7 God prizerv soul.

Psalm 138:3 God giv pawa to soul. Parabol 6:32 adultri distroi soul.

Parabol 22:24,25 (angri) ves man snar soul of frend.

Jeremia 31:25 God satiate weary soul, and replenish sad soul.

Ezekiel 13:20,21 bad pipol tak soul and God fri.

Pastor T. John Franklin

Church of Salvation, Healing, and Deliverance - COS-HAD.org